



MINISTÈRE DE LA SANTÉ PUBLIQUE ET DE LA POPULATION EPIDEMIE DE COVID-19

Pou difize touswit nan popilasyon an: Kominote yo ak Fanmi yo .

Nouvo Kowonaviris oswa COVID-19, se yon maladi respiratwa. Moun ka trape l fasil lè yon moun ki genyen l touse osinon estènen bò kote l. Moun ka pran l tou si l bay yon lòt ki genyen viris la lanmen, menm si li poko genyen okenn siy ak sentom. Maladi sa a atrapan anpil, poko genyen tretman ni vaksen pou li. Li deja lakòz lanmò anpil moun nan mond lan.

MEN KÈK ENFOMASYON AK KONSÈY MINISTÈ SANTE PIBLIK AK PATNÈ L YO
AP BAY POPILASYON AN:

Mesaj # 1 : fason moun ka trape maladi Kowonaviris

- * Yon moun ka trape Kowonaviris, lè ti gout kap sòti nan nen, oswa nan bouch moun ki gen maladi a, al antre nan nen, bouch oswa je yon lòt moun. Sa rive sitou lè moun ki deja gen viris la touse oswa estènen.
- * Kowonaviris la ka chita kòl pandan plizyè minit sou men w, bra w, rad ou, valiz ou, telefòn ou, tab kote w chita, pòt ou pase ak anpil lot kote ankò. Konsa, ou ka trape l si ou manyen yon bagay ki deja kontamine apres a w al manyen bouch, nen w oswa je w.

Mesaj # 2 : Sa nou dwe fè pou n pa trape maladi konaviris la ?

Pou viris la pa rantre sou nou, nou dwe:

- * Lave men nou souvan ak dlo pwòp ak savon oswa sèvi ak yon pwodui pou lave men ki fèt pou sa, ki gen alkòl ;
- * Lè n ap estènen, kouvri bouch nou ak nen nou ak yon mouchwa ou ka jete tousuit apre oubyen estènen nan koud bra nou ;
- * Pa bay okenn moun lanmen;
- * Pa kampe pre okenn moun. Bay tout moun de pa distans.
- * Rete lakay nou. Sòti sèlman si nou gen gwo nesite ki pa ka tann.

Mesaj # 3 : Kilè pou nou lave men nou ?

Lave men nou ak dlo pwòp ak savon, sitou:

- Lè nou tounen lakay nou, nou sot nan lari ;
- Lè nou finn estènen ;
- Lè nou fin manyen yon bagay moun te deja manyen: tankou telefòn, lajan;
- Lè nou sot fè bezwen nou ;
- Anvan nou manje ak prepare manje;



MINISTÈRE DE LA SANTÉ PUBLIQUE ET DE LA POPULATION EPIDEMIE DE COVID-19

- Lè nou sot touche yon moun ki malad ;
- Anvan nou okipe ti bebe yo.

Mesaj #4 Kouman pou nou lave men nou

- Lave men nou ak dlo pwòp ak savon anba tiyo, oswa mande yon moun vide dlo sou men nou ;
- Byen mouye men nou anvan nou savonnen yo ;
- Fwote zong, fant dwèt, pwent dwèt, pla men ak do men yo;
- Byen rense men yo ;
- Epi souke men yo pou yo seche.

Mesaj # 5 : Sign ak simptòm maladi Kowonaviris ?

- * Kowonaviris la vini ak lafyè, fatig ak yon tous ki sèk. Gen moun li bay kò fè mal, nen k ap koule, gòj fè mal oswa dyare. Siy sa yo ka parèt tipa tipa.
- * Kowonaviris la ka rive bay siy ki pi grav tankou etoufman, souf kout oswa opresyon.
- * Granmoun ak moun ki soufri tansyon, pwoblèm kè, oswa sik, devlope siy sa yo pi souvan
- * Gen kèk moun ki ka enfekte san yo pa gen okenn siy ak sentom. Se sèlman apre 14 jou lè yo fin trape viris la, siy yo ka kòmanse parèt sou yo.

Mesaj # 6 : kisa pou nou fè si nou genyen youn oswa plizyè nan siy sa yo ?

Si nou genyen youn oswa plizyè nan siy ki sanble ak siy maladi Kowonaviris la, rete lakay nou. Pa ale lopital, rele pito nan nimewo **2020**. Yon moun ki la pou sa ap poze nou kèk kesyon epi ap di nou kisa pou nou fè.

Mesaj # 7: kisa nou dwe fè si nou sispèk nou genyen maladi a oswa si nou te an kontak avèk yon moun ki te genyen l.

- * Si nou sispèk nou gen maladi Kowonaviris la, oswa si n te rankontre yon moun ki gen Kowonaviris la, nou dwe rete lakay nou.
- * Rete nan yon pyès kay pou kont nou pandan 14 jou. Evite tout kontak ak fanmi nou pandan tan sa a. Se sa yo rele karantèn nan.
- * Pandan tan sa a, si nou kòmanse genyen youn nan siy sa yo tankou, grip, lafyè, gòj fè mal, tèt fè mal, rele nan nimewo **2020**. N ap jwen yon moun ki la pou sa kap poze nou kèk kesyon epi kap di nou kisa pou nou fè.



MINISTÈRE DE LA SANTÉ PUBLIQUE ET DE LA POPULATION EPIDEMIE DE COVID-19

Mesaj 8 : batay kont estigmatisasyon

- * Si nou sispèk yon moun genyen maladi Kowonaviris oswa si li ta trape viris la tout bon sonje li pa kapab ba ou maladi a si ou pat an kontak dirèk avè l oswa si ou toujou respekte règ liyèn yo. Pa kouri fèl mechanste. Okontrè se pou nou pran nouvèl li tanzantan nan telefòn, ankouraje l rete nan yon pyès kay pou kont li epi rele nan nimewo 2020 pou li ka jwen bon konsèy ak swen nesesè.
- * Sonje, moun ki gen maladi Kowonaviris la bezwen anpil sipò fanmi, zanmi ak moun nan antouraj li.

Mesaj #9 Pou moun k ap viv ak yon maladi ki gen Kowonaviris .

- Sonje, règ liyèn yo ap ede nou pa trape Kowonaviris la ;
- Netwaye tout tab, manch pòt, chas twalèt ki nan kay la ak dlo klowòks;
- Anpeche timoun yo ak moun kap travay nan kay la ale kote maladi la ye a ;
- Toujou mete kachnen ak gan lè ou prale bò kote maladi la;
- Mande tout moun nan kay la byen lave men yo ak dlo pwòp ak savon plizye fwa nan jounen an.

Mesaj #10 Pou moun ki gen maladi Kowonaviris la

- Kouvri bouch ou lè w ap touse oswa estènen ;
- Izole tèt ou pandan tout tan tretman an, evite mache nan tout kay la pou pa bay lòt moun maladi a ;
- Mete yon kachnen lè w ap pale ak yon moun
- Suiv tout konsèy doktè ak mis yo ba ou ;
- Rele 2020 gratis si ou gen kesyon.